



Pou Piblikasyon Imedya: 27/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO REPONN A DESIZYON JANUS TRIBINAL SIPRÈM LAN PRAN AN

***Gouvènè Cuomo sou Janus: “Tribinal Siprèm lan fèk sot fè sa ke Repibliken ak gwo biznis yo t’ap chèche fè depi plizyè ane — eseye diminye fòs mouvman travay lan. Men pa isit la nan New York. Pa kounye a, pa jamè”.***

Desizyon Janus Tribinal Siprèm lan ap bay konsèvatif ekstrèm ak milyadè yo yon viktwa ki gen entansyon diminye pouvwa travay òganize yo. Ka sa te yon objektif ke yo t’ap chèche depi lontan nan lagè ki ap kontinye pou afebli vwa fanm ak gason ki ap travay di yo atravè peyi a.

Nan deside Janus, Tribinal Siprèm lan te opine ke Premye Amandman an pwoteje moun yo kont peman envolontè yo ki ka sipòte sepandan mesaj politik ki kontrè a vizyon pèsònèl yon moun - men rezònman sa se yon ekran lafimen ki makiye reyalyte a. Moun ki pa manm yo deja te jwenn pwoteksyon de ka sa yo, epi yo ka ranbouse yo nenpòt lajan ke yo te depanse nan aktivite politik yo. An menm tan, sendika yo reprezante chak grenn anplwaye pandan ke y’ap negosye akò negosyasyon kolektiv yo, ki enkli montan salè pa èdtan, asirans sante ak lòt avantaj yo.

Tribinal Siprèm lan fèk sot fè sa ke Repibliken ak gwo biznis yo t’ap chèche fè depi plizyè ane — eseye diminye fòs mouvman travay lan. Men pa isit la nan New York. Pa kounye a, pa jamè.

Kite mwen byen klarifye: flann mouvman travay lan ap boule pi fò ke jamè isit la nan New York. E toutotan ke mwen se gouvènè Eta New York, mouvman travay lan pral kontinye akonpli pwomès Rèv Ameriken an.

New York se yon eta sendika. Mouvman travay lan te pran nesans isit la depi plis pase yon syèk, lè apre dife ki te pran nan Faktori Triangle Shirtwaist a New York te vin premye eta ki adopte lwa ki ap pwoteje travayè yo. Epi li te kontinye pwospere nan New York: jodi a nou fyè pou nou gen pi wo nivo afilyasyon nan sendika yo nan peyi a - plis ke doub fwa nivo nasyonal lan.

Mwen te aprann valè sendika yo gras a papa mwen. Li te kwè ke travay se fòs prensipal pou pwofi nan eta sa, paske li te bay vwa a sila ki san vwa yo epi li te bay moun New York yo mwayen pou mande kondisyon ki sekirize epi pran an chaj avidite antrepriz yo.

Li te wè sendika yo pa kòm advèsè men kòm patnè nan efò li ap fè yo pou konstwi yon sosyete ki pi jis epi pi egal ego.

Repiblikan Konsèvatif yo jodi a ak sila yo ki dèyè ka Janus lan vle dyabolize travay kòm yon ènmi pwogrè ekonomik ak yon relik tan pase. Anyen pa te ka pi lwen de verite a. Soti 1940 pou rive 1970, lè sendika yo te nan pi wo nivo yo, inegalite te bese pandan ke ekonomi a te ogmante. Pandan sendika yo deklive, diferans ant moun ki rich ak klas moun ki ap travay yo te ogmante pi plis an menm lè ke ekonomi an kontinye devlope. Pou plizyè milyon jèn moun ki ap antre nan mendèv lan, Rèv Ameriken an ap redwi pliske moun ki rich yo ap vin pi rich, epi kondisyon travay yo deteryore.

Nan New York, nou valorize travay paske nou konnen ke li reprezante sa ki pi bon nan nou. Se pwofesè yo ki ap prepare timoun nou yo pou avni yo. Se enfimyè ak travayè swen sante yo ki te dedike lavi yo pou ka sove lòt moun. Se anplwaye leta yo ki ap netwaye wout nou yo, kenbe pak nou yo ouvri epi sèvi kominote nou yo. Se lapolis lokal lan, ki ap kenbe wout nou yo sekirize. Se konstwiktè yo ki ap konstwi enfrastrikti 21èm syèk yo ki pral pote ekonomi nou an devan.

Nou konnen tou ke travay se pi gwo ajan chanjman ke nasyon sa te janm konnen. Antan ke vwa moun ki ap travay yo, travay te konstwi klas mwayèn lan epi li te fè vanse gwo akonplisman pwogresif ke nou pa konn valè yo jodi a — viktwa tankou Lwa sou Sekirite Sosyal lan (Social Security Act), Lwa sou Estanda Travay Ekitab lan (Fair Labor Standards Act) ki te etabli 40 èdtan travay pa semèn nan, etabli yon montan salè minimòm epi entèdi travay minè, Lwa sou Peman Egal Ego a (Equal Pay Act) ki entèdi diskriminasyon salaryal baze sou sèks, ak Lwa sou Sekirite Pwofesyonèl ak Sante a (Occupational Safety and Health Act).

Okenn nan revolisyon sa yo te bagay fasil pou nou fè. Yo te rezilta negosyasyon detèmine, ki reprezante aspirasyon plizyè milyon fanm ak gason pou resevwa pati yo merite nan Rèv Ameriken an.

Jodi a, travay òganize kontinye rete yon motè pou chanjman sosyal. Sendika yo nan eta sa te sèvi kòm patnè ki enpòtan anpil ak fòs k'ap riji nan batay krisyal tan nou an. San travay, nou pa ta pral janm kapab adopte premye montan salè minimòm 15 dola atravè eta a nan nasyon an pou ka ede sila yo ki pi vilnerab pami nou yo; nou pa ta pral janm kapab adopte politik konje familyal ki peye ki pi djanm nan nasyon an pou ke moun New York yo pa gen pou chwazi ant yon chèk peman ak pran swen sila yo ke yo renmen yo; epi nou pa ta pral janm kapab antreprann pwogram enfrastrikti ki pi anbisyè nan nasyon an pou rekonstwi wout, pon, ak transpò piblik nou yo.

Nou pa ta dwe bliye tou wòl kle ke mouvman travay lan te jwe nan lòt kwazad pou jistis sosyal yo, tankou mouvman dwa sivil yo. Nan pwòp mo Doktè Martin Luther King Jr., “Mouvman travay lan pa’t diminye fòs nasyon an men li te elaji li. Nan elve estanda lavi pou plizyè milyon moun, travay te mirakilezman kreye yon mache pou endistri an epi leve tout nasyon an nan nivo pwodiksyon ke yo pa’t panse posib. Sila yo ki ap atake travay bliye senp verite sa yo, men istwa sonje yo”.

Pandan ke gouvènman federal lan ap eseye fè travay fè bak, nou ap vanse ak kalandriye an favè travay istorik nou an. Nou te mete fanm ak gason ki ap travay yo an

premye apati ranfòsman montan salè ki ap domine a, pwomouvwa akò travay pwojè yo, epi konbat eksplwatasyon travayè yo nan chak ak tout endistri. Ane pase nou te adopte pwojè lwa ki ap pèmèt manm sendika yo dedwi sa ke yo dwe yo nan enpo leta yo. Epi an antisipasyon desizyon Tribinal Siprèm lan, nou te adopte nan kòmansman ane sa premye pwojè lwa nan nasyon an pou pwoteje afilyasyon sendika nan espas travay sektè piblik yo.

Nou ap travay tou ak travay òganize a sou pwojè lwa adisyonèl pou asire ke gwoup nan ekstrèm dwat yo pa ka vize travayè yo apati itilizasyon enfòmasyon pèsònèl yo. Nan klima aktyèl lan, travayè nan sektè piblik yo tankou ofisye fòs lapolis yo ak pwofesè yo pa ta dwe gen pou enkyete yo pou ke yo pral itilize enfòmasyon pèsònèl yo kont yo menm. Anpeche asèlman ak entimidasyon travayè yo ki angaje nan aktivite sendika yo oswa ki ap chèche fè sendika yo sa vital pou mouvman travay lan. Pandan ke desizyon Janus lan ap eseye diminye sekirite ak privasite travayè yo, nou pral fè entèvansyon pou anpeche sa rive. Nou pa pral tolere demantèlman sendika yo nan Eta New York.

Desizyon Janus lan te rezilta plizyè ane planifikasyon nan reyinyon ekstrèm dwat yo, ki finanse pa milyadè yo, pou ka retire pwoteksyon ki lakòz yo pèdi lajan. Men istwa Amerikèn nan pwouve ke fiti a se pou sila yo ki gen volonte travay pou li. Nou pral kontinye fè tout sa ki nan pouvwa nou epi ranfòse travay òganize. Ansanm, nou ka konstwi yon pi bon Rèv Ameriken ke rèv apovri ke yo te prezante apati desizyon sa. Nan eta New York, avni travay briyan.

*New York Daily News te pibliye editorial sa epi li disponib [la a](#).*

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)